www.esamaad.com

# इसमाद

first epaper in maithili

पटना, 6 दिसंबर, 2010 • अंक-55 • वर्ष-3



## बिहार क हेरायल दू टा परिचय

*देशक प्रथम राष्टपति राजेंद्र प्रसादक 3दिसंबर आ 28 नवंबर कए सर कामेश्वर सिंहक जयंती छल। इ दूनू गोटे बिहारक एकटा एहन चेहरा छथि जे पिछला किछु साल मे लोक बिसरए लागल छल। संविधानसभा क एकटा अध्यक्ष त दोसर सदस्य छलाह। एकटा नेता लेल आदर्श त दोसर उद्योग जगत लेल मिशाल, आइ देश मे नेता और उद्योगपति क खसैत छविक बीच एहि दूनू गोटेक स्मरण जरूरी अछि, किया कि हिनका लेल देशहित स पैघ किछु नहि छल, आइ बिहार नहि अपितु संपूर्ण देश लेल एहन नेता और एहन उद्योगपतिक जरूरत अछि।*

# सिद्दीकी क भाषण पर नीतीश थपथपेलाह मेज

**समदिया**

**पटना ।** नेता विरोधी दल क हैसियत स विधानसभा मे अपन पहिल भाषण मे अब्दुल बारी सिद्दीकी इ एहसास करा देलथि जे राज्य मे विपक्षक भूमिका केहन रहत। बदल–बदलल सन सदन मे मौका छल धन्यवाद प्रस्ताव पर बहस क। सिद्दीकी बहसक उच्च स्तर कए पुनर्स्थापित करैत अपन भाषण शुरू केलथि त पूरा सदन हुनका सुनबा लेल शांत आ गंभीर बनि गेल। मुख्यमंत्री नीतीश कए सीधा संबोधित करैत सिद्दीकी कहला– जनता अहांकए अपार बहुमत देलक अछि, कंजूसी जुनि करू। हुनकर अनुसार सरकार हर जिला मे नेतरहाट सन स्कूल, स्थानीय बुनकर क बनाउल परदा–तौलिया, स्थानीय चर्मकार क बनाउल जूता क पुलिस विभाग मे सप्लाई जइसन कईटा वायदा एखन धरि पूरा नहि केलक अछि। ओ प्रसिद्ध अर्थशास्त्री आशीष बोस क गप दोहरा कहला जे जतए 60 प्रतिशत लोक गरीब हुए, ओहि राज्य कए बीमारू राज्य क सूची स अलग केना कैल जा सकैत अछि। एखनो विकास क हर मानक पर प्रदेश नीचला पायदान पर अछि। सिद्दीकी विशेष राज्य क दर्जा क मांग क समर्थन करैत कहला जे जखन केन्द्र मे राजग सरकार छल, तखन उत्तराखंड कए इ दर्जा भेटल। बिहार कए छोड़ि देल गेल। सदन मे अपन कम संख्या क उल्लेख करैत सिद्दीकी कहला जे राजग कए 1.10 करोड़ वोट भेटल अछि आ ओ सत्ता मे अछि मुदा इ नहि बिसरल जाए जे राजद गठबंधन कए एक करोड़ लोक वोट देलथि अछि। एहन मे केवल सदन मे विधायकक संख्या देखि कए बहुत खुश हेबाक स्थिति नहि अछि। हुनकर आरोप क दौरान सत्ता पक्ष क धीरता–गंभीरता बिल्कुल नव गप छल। आओर त आओर भाषण खत्म भेलाक बाद मुख्यमंत्री बधाई या धन्यवाद क मुद्रा मे मेज थपथपा सदन मे एकटा नव परंपराक शुरूआत केलथि।

कुल मिला कए बिहार विधानसभा मे दूटा गप नीक आ उल्लेख करबा योग्य अछि। पहिल इ जे विधानसभा अध्यक्ष उदय नारायण चौधरी नेता प्रतिपक्ष अब्दुल बारी सिद्दीकी कए हुनकर निर्धारित समय स 25 मिनट बेसी बजबा लेल मौका देलथि आ दोसर इ जे मुख्यमंत्री नीतीश कुमार समेत संपूर्ण सत्ता पक्ष बड़ गंभीरता स सिद्दीकी कए सुनैत रहल।

हालांकि एहन कहबा आ मानबा लेल कईटा लोक एखनो तैयार नहि छथि जे सदन मे विधायकक संस्कार बदलि गेल अछि, लोकक कहब अछि जे धीरे– धीरे सबकिछु ओहने भ जाइत, चूंकि आइ पहिल दिन छल, ताहि लेल बहुत किछु औपचारिक सन रहल।

मुदा जेना सदन मे देखल गेल ओ उम्मीद कए विश्वास मे बदलबा लेल काफी अछि। सदन मे जनहित क सवाल पर सत्ता पक्ष क सदस्य अपन सरकार स कोनो समझौता करबा लेल तैयार नहि छलाह। प्रश्नोत्तरकाल क तीनू प्रश्न सत्ता पक्ष क सदस्य क छल। पहिने एहन सवाल पर पूरक प्रश्नक कतार रहैत छल। मुदा एहि बेर एहन किछु नहि भेल। विपक्ष क दिनेश कुमार सिंह अपन छाती पर खाद्य सुरक्षा क मांग स संबंधित पोस्टर बांधि सदन मे घूमि रहल छलाह। नेता प्रतिपक्ष अब्दुल बारी सिद्दीकी हुनका स निवेदन केलथि जे एकरा उतारि लेल जाए। सिंह एकर बाद पोस्टर कए हटा लेलथि। बहरहाल, बिहार क मतदाता क संग बिहारक नेता सेहो बदलि रहल छथि। सदन सार्थक बहस लेल तैयार अछि।

### नीतीश कुमार क विधानसभा मे एलान

# भ्रष्टाचार या हम

**समदिया**

**पटना।** मुख्यमंत्री नीतीश कुमार स्वच्छ राजनीति आ भ्रष्टाचार उन्मूलन क दिशा मे दूटा पैघ पहल कैलाह। पहिल त विधानमंडल मे भ्रष्टाचार क खिलाफ जंग छेड़बाक एलान केलथि, दोसर विधायक स अनुरोध केलथि जे ओ विधायक निधि समाप्त करबाक साहस दिखाबथि।

विधानमंडल मे राज्यपाल क अभिभाषण पर पेश धन्यवाद प्रस्ताव पर भेल बहस क बाद सरकार क जवाब दैत ओ भ्रष्टाचार क खिलाफ जंग छेड़बाक एलान केलथि। भ्रष्टाचार क खिलाफ जेतबा ताकत अछि हम सबटा लगेबा लेल तैयार छी। भ्रष्टाचारी अगर ताकतवर छथि त हमरा उखाड़ि फेंकथि। नीतीशक एहि एलान पर नेता प्रतिपक्ष ठार भ कहला जे विपक्ष सरकारक एहि जंग मे समान भागीदार बनत। नीतीश कुमार कहला जे भ्रष्टाचारी क संपत्ति जब्त करबा लेल बनल कानून कए राष्ट्रपति अपन मंजूरी द देलथि अछि आ ओ दिन ऐतिहासिक होएत जखन एहन कोनो पहिल केस मे सजा होएत। प्रदेश नहि, बल्कि देश मे भ्रष्टाचारीक खिलाफ इ पैघ संदेश होएत। ओ कहला जे भ्रष्टाचारीक आलीशान मकान मे स्कूल खोलल जाएत। मुख्यमंत्री कहला जे भ्रष्टाचार क कईटा मामला पर कार्रवाई चलि रहल अछि। मुख्यमंत्री कहला जे कहला जे अफसर आ मंत्री कए हर साल सम्पत्ति क ब्योरा देबाक अछि। हम सेहो हर साल इ ब्योरा सार्वजनिक करब।

मुख्यमंत्री कहला जे कोसी त्रासदी क पीड़ित क मकान बनत आ प्रत्येक घर पर 55 हजार टका खर्च कैल जाएत। ओ कहला जे बिहार क उपेक्षा करि दिल्ली मे कियो शासन नहि करि सकैत अछि।

मुख्यमंत्री कहला जे हम सब दिन–राति एक करि जनता लेल काज करि आ अधिकारी जनता क शोषण करथि, इ आब संभव नहि। एहिलेल लोकसेवा क अधिकार कानून बना रहल छी। समय सीमा क अंदर अधिकारी कए जनता क काज करबाक अछि।

सांझखन अपन आवास पर राजग विधायक क बैठक मे मुख्यमंत्री विधायक स अनुरोध केलथि जे ओ विधायक निधि समाप्त करबाक साहस दिखाबैथि। हुनकर कहब छल जे एहि स विधायक क छवि खराब होइत अछि।

ओ विधायक कए कहला जे सत्र क तुरंत बाद क्षेत्र मे जा जनता स गप करू आ स्थानीय स्तर पर योजनाक सत्यापन करू। ओ कहला जे लगातार जनता स संपर्क राखब तखने जनता क आकांक्षा पर खरा उतरब। जे अपार जनमत भेटल अछि, ओहि पर गुरूर करबाक कोनो आवश्यकता नहि अछि। जतए कोनो शिकायत अछि, ओकर तुरंत निदान करू। अपन–अपन क्षेत्र क विकास क रूपरेखा तैयार करू। ओ कहला जे विधायक क फोन नंबर सार्वजनिक हुए आ फोन पर 18 घंटा ओ उपलब्ध रहथि। मुख्यमंत्री सदस्य कए विधायी कार्य बुझबाक सलाह देलथि। कहला जे विधानमंडल कार्यसंचालन क नियमावली क अध्ययन करू। पढ़बाक आदत लगाउ। बिना अध्ययन कए अहां नीक विधायक या विधान पार्षद नहि भ सकैत छी। उपमुख्यमंत्री सुशील कुमार मोदी सदस्य कए कहला जे अहां सब कए दुनिया देखी रहल अछि, बढ़िया आचरण बनेने रहू, नहि त अहांक संग–संग सरकार आ राज्यक छवि धूमिल होएत। ओ कहला जे सदन मे नियमित आउ आ अधिकारी स व्यवहार बेहतर राखू। राजग क प्रदेश संयोजक नंदकिशोर यादव कहला जे जबरदस्त जनादेश स जिम्मेदारी बढ़ल अछि,एकरा हरदम मन राखू।



# भागलपुर मे तेसर थर्मल प्लांट लेल एमओयू

**पटना।** प्रदेश मे विद्युत उत्पादन केन्द्र स्थापित करबाक होड़ शुरू भ गेल अछि। शुक्रदिन एईएस इंडिया प्राईवेट लिमिटेड 1320 मेगावाट (660–2) क बिजली उत्पादन केन्द्र भागलपुर क जगदीशपुर मे लगेबा लेल एमओयू पर हस्ताक्षर केलक। एहि स पहिने गंगा पावर एण्ड नेच्यूरल रिसोर्स पिरपैती मे 1320 मेगावाट क बिजली उत्पादन केन्द्र लगेबा लेल समझौता केने अछि। कलगांव मे पहिने स एनटीपीसीक थर्मल प्लांट चलि रहल अछि, एहि प्रकार स इ भागलपुर मे तेसर थर्मल होएत। एहि बीच, भागलपुर लेल एकटा आओर नीक समाद अछि। इंडियन आयल कारपोरेशन लिमिटेड क जीएम (बीएसओ) बीबी चौधरी आ सीएम (बीएसओ) जयप्रकाश खाद्य एवं आपूर्ति मंत्री श्याम रजक स भेंट केलथि अछि। इंडियन आयल क अफसर खाद्य एवं आपूर्ति मंत्री कए इ जानकारी देलथि अछि जे इंडियन आयल क योजना भागलपुर मे शीघ्र एलपीजी रिफिलिंग प्लांट स्थापित करबाक अछि। मंत्री सेहो इंडियन आयल क अधिक. ारी कए हरसंभव मदद क आश्वासन देलथि अछि।

### अनहार हटेबा लेल मंथन



एनटीपीसीक पदाधिकारी संग बैठक करैत नीतीश कुमार

# सपना साकार करबा मे जुटल रेलवे

**समदिया**

**जल्द पूरा होएत अयोध्या स जनकपुर भाया सीतामढी ट्रेन चलेबाक सपना**

**दरभंगा।** अयोध्या स जनकपुर भाया सीतामढी एकटा ट्रेन चलेबाक सपना जल्द पूरा होएत। भारत आ नेपाल मे बिछाउल गेल दू तरहक पटरी कए एक करबाक काज शुरू भ गेल अछि। ओना त जयनगर स जनकपुर एखनो रेल चलैत अछि, मुदा दू तरहक पटरी रहबाक कारण स ट्रेन बदलबाक मजबूरी। भारतीय रेल आब नेपाल रेलवे एहि छोटी लाइन कए बडी लाइन मे बदलबाक काज शुरू करि देलक अछि। भारतीय रेल पडोसी देश नेपाल क संग मैत्री संबंध प्रगाढ करबाक उद्देश्य स लगभग 470 करोड टका क लागत स 70 किलोमीटर लंबा नव बडी रेललाइन बिछेबाक काज शुरू करि देलक अछि। पूर्व मध्य रेलवे क महाप्रबंधक केके श्रीवास्तव कहला जे भारत क जयनगर स नेपाल क बर्दीवास तक बडी रेललाइन बिछेबाक अनुमति रेल मंत्रालय पहिने द देने छल, आब टका सेहो पठा देलक अछि। एहि मार्ग मे स 40 किलोमीटर लंबा रेलमार्ग क हिस्सा नेपाल मे पडैत अछि।

श्रीवास्तव कहला जे एहि रेलमार्ग निर्माण कार्य मे लगभग 470 करोड टका क खर्च आउत जाहि मे स 10 करोड टका आबि गेल अछि। ओ कहला जे जयनगर स जनकपुर तक 30 किलोमीटर लंबा छोटी लाइन अछि, जेकरा बडी लाइन मे परिवर्तित करबाक अछि। महाप्रबंधक कहला जे रेल निर्माण कार्य क लेल सर्वे कार्य पूरा भ चुकल अछि आ निर्माण कार्य अगिला वित्तीय वर्ष (2011–2012) मे पूर्ण रूप स शुरू भ जाएत।

एकटा सवालक उत्तर मे श्रीवास्तव कहला जे चिर प्रतीक्षित दरभंगाक कठहलबाड़ी ओवरब्रिज अगिला साल मई तक आवागमन क लेल चालू करि देल जाएत। संगहि विश्वास क संग कहला जे बिरौल स कुशेश्वरस्थान तक रेलमार्ग अगिला साल तक बनिकए तैयार भ जाएत। ओ कहला जे समस्तीपुर दरभंगा रेल मार्ग क दोहरीकरण सेहो हेबाक अछि, मुदा ओहि लेल कोनो ठोस समय सीमा नहि बना सकैत छी। श्रीवास्तव कहला जे दानापुर मंडल क पटना–जहानाबाद रेलखंड क दोहरीकरण क कार्य पूरा भ गेल अछि। तारेगना आ जहानाबाद स्टेशन क बीच अप आ डाउन रेलवे ट्रैक बनिकए तैयार अछि। 45 किमी क दूरी तय करबा मे आब कम समय लागत। पूर्व मध्य रेल के मुख्य जनसंपर्क अधिकारी दिलीप कुमार कहला जे पटना–गया रेलवे लाइन क दो. हरीकरण क काज प्राथमिकता क आधार पर कैल गेल अछि।

## रोड मैप तैयार करबा लेल पहुंचल चीन क टूर आपरेटर

**पटना।** पर्यटन मंत्रालय क पहल पर चीन क टूर ऑपरेटर क छह सदस्यीय टीम बुद्ध सर्किट क रोड मैप तैयार करबा लेल पटना पहुंचल अछि। टीम क नेतृत्व करि रहल बेंसन चान कहला जे चीन क अधिकतर लोक बुद्ध सर्किट क भ्रमण करबा लेल तैयार छथि। एकरा लेल रोड मैप तैयार कैल जा रहल अछि। चीन वापस गेलाक बाद बुद्ध सर्किट लेल टूर पैकेज तैयार करब। ओ कहला जे बुद्ध सर्किट मे सुविधा क अभाव नजरि आबि रहल अछि। जगह–जगह फ्रेश हेबाक आ विश्राम करबाक सुविधा नहि अछि। टीम मे चाहू यांग, लीन जहांजी, जियांग चाहंगू, चू केवाक यांग, डांग यांग हिलिंग आ चान होतूसन शामिल छथि। टूर ऑपरेटर क कहब अछि जे रोड मैप तैयार भेला स चीन क लोक आसानी स बुद्ध सर्किट क परिभ्रमण क लाभ उठा सकताह। चाइनीज टूर ऑपरेटर कपिलवस्तु आ कुशीनगर सहित कई स्थल क भ्रमण करि चुकलाह अछि। शनिदिन टूर ऑपरेटर राजभवन आ शहीद स्मारक क अवलोकन केलथि। जगह–जगह लागल महापुरुष क प्रतिमा कए कैमरा मे कैद केलथि। टूर ऑपरेटर पटना म्यूजियम सेहो गेलाह।

# बहाल शिक्षक नियमित छथि : नीतीश

**समदिया**

**पटना।** मुख्यमंत्री नीतीश कुमार स्पष्ट केलथि अछि जे राज्य क प्राथमिक आ माध्यमिक विद्यालय मे बहाल कैल गेल शिक्षक क सेवा ठेका पर नहि, बल्कि नियमित अछि।

विधान परिषद् मे कांग्रेस क अरूण कुमार आ मार्क्सवादी कम्युनिस्ट पार्टी क बासुदेव सिंह क ध्यानाकर्षण प्रस्ताव क जखन शिक्षा मंत्री पीके शाही जवाब द रहल छलाह, तखने हस्तक्षेप करैत कुमार कहला जे प्राथमिक आ माध्यमिक विद्यालय मे शिक्षक क नियुक्ति पंचायत करैत अछि। ओ कहला जे एहि शिक्षक क लेल जे सेवा शर्त क गठन कैल गेल अछि, ओकर अनुसार वेतन सरकार द रहल अछि, मुदा एक तरह स इ अनुदान छी। मुख्यमंत्री कहला जे एहि शिक्षक क नियुक्ति ककरो अनहार मे राखि कए नहि केल गेल अछि, नीयत वेतन पर नियुक्ति कैल गेल अछि। एहि साल एखन धरि दू बेर वेतन मे बढ़ोत्तरी कैल जा चुकल अछि। ओ कहला जे आर्थिक स्थिति मे सुधार आउत त वेतन आओर बढ़ाउल जाएत। एहि लेल सबहक सहयोग क जरूरत अछि।

कुमार कहला जे एहि स पहिने स्कूल मे शिक्षा मित्र कए 1500 टका देल जाइत छल आ इ सरकार एहि शिक्षक कए नियोजित आ नियमित केलक अछि। ओ कहला जे पहिने 25 लाख बच्चा स्कूल स बाहर छल, मुदा आइ संख्या घटल अछि। मुख्यमंत्री कहला जे एहन भ्रांति फैला देल गेल अछि जे एहि शिक्षक कए अनुबंध क आधार पर नियुक्त कैल गेल अछि, जे सच्चाई स परे अछि। शिक्षक क बहाली जहि नियमावली क तहत कैल गेल अछि ओकर अनुसार स हुनका हटाउल नहि जा सकैत अछि। ओ कहला जे अप्रशिक्षित शिक्षक क लेल प्रशिक्षण क व्यवस्था कैल जा रहल अछि। कुमार कहला जे शिक्षा क अधिकार क कानून कए राज्य मे लागू करबाक अछि । एकरा लेल काफी टका चाही, मुदा केन्द्र सरकार एहि मामला मे कोनो सहयोग नहि करि रहल अछि।

# प्राथमिक स्तर पर मैथिली शिक्षक क नियुक्ति स इनकार

**समदिया**

**पटना।** मानव संसाधन मंत्री पीके शाही विधान परिषद मे कहला जे प्राथमिक स्तर पर मैथिली शिक्षक क नियुक्ति क प्रावधान नहि अछि। ओ विनोद कुमार चौधरी क ध्यानाकर्षण क जवाब मे कहला जे प्राथमिक विद्यालय मे स्थानीय शिक्षक क नियोजन होइत अछि आ एहन आशा कैल जाइत अछि जे ओ छात्र कए स्थानीय भाषा स अवगत कराउत। मुदा प्राथमिक स्तर पर मैथिली शिक्षक क नियुक्ति क कोनो प्रावधान नहि अछि।

एहि हस्तक्षेप करैत सभापति ताराकांत झा कहला जे मैथिली कए संविधान क अष्टम अनुसूचित मे स्थान प्राप्त अछि। डॉ. श्रीकृष्ण सिंह क मुख्यमंत्रित्वकाल मे मैथिली कए प्राथमिक विद्यालय मे पढ़ेबा लेल स्वीकृति देल गेल छल। सभापति क अनुसार ओ सरकार पर कोनो दबाव नहि डालि रहल छथि बल्कि सूचना द रहल छथि, ताकि एहि पर विचार कैल जाए।

प्रश्नकर्ता कहला जे मैथिली क पढ़ाई नौवीं कक्षा मे होइत अछि। मैथिली बिहारक स्थानीय भाषा छी ताहि लेल एकर प्राथमिक स्तर पढाई सेहो हेबाक चाही। एकर बाद केदार पाण्डेय कहला जे मामला सही मे गम्भीर अछि। शिक्षा विभाग एहि पर सम्यक रूप स विचार करे। एहि दौरान सदन मे मुख्यमंत्री नीतीश कुमार सेहो मौजूद छलाह, मुदा ओ एहि पर कोनो टिप्पणी नहि केलाह।



# दरभंगा स कोलकाता एयर एंबुलेंस सेवा शुरू

## अगिला मास स शुरू होएत दरभंगा स व्यावसायिक उडान

**समदिया**

**दरभंगा।** कोलकाता क मेडिका सुपर स्पेशलिटी हास्पिटल रियायती दर पर गंभीर मरीज कए वायु परिभ्रमण सेवा देबाक बीड़ा उठेलक अछि। उत्तर बिहार क मरीज लेल दू दिसंबर स हवाई एम्बुलेंस सेवा शुरू भ गेल। एकरा लेल मोबाइल नंबर 9431207211 पर कोई बुकिंग करा सकैत अछि। एकर बाद जहाज दरभंगा हवाई अड्डे पर हाजिर भ जाएत।

मेडिको सुपर स्पेशियालिटी अस्पताल, कोलकाता क निदेशक डा. आलोक राय एहि हवाई एम्बुलेंस सेवा क उद्घाटन दरभंगा हवाई अड्डा पर केलथि। ओ कहला जे बुक करबाक दू घंटा क भीतर जहाज हवाई अड्डे पर लैंड करि जाएत। गंभीर मरीज कए फौरन कोलकाता क मेडिको सुपर स्पेशियालिटी अस्पताल मे भर्ती करा देल जाएत। एहि सेवा क लेल मरीज कए मात्र 40 हजार टका भुगतान करबाक अछि। एहि मे हवाई जहाज क खर्च शामिल अछि। जहाज पर एकटा डॉक्टर सेहो रहत जेकरा लेल कोनो अलग स शुल्क नहि लेल जा रहल अछि। मेडिका हॉस्पिटल प्रा. लि. क मार्केटिंग विभाग क एसिस्टेंट वाइस प्रेसिडेंट राजीव कुलश्रेष्ठ कहला जे हुनकर अस्पताल देश क पूर्वी भाग क सबस पैघ हेल्थ यूनिट अछि। अस्पताल दरभंगा मे अपन सूचना केंद्र खोलि रहल अछि आ आपात स्थिति मे जे रोगी कए कोलकाता ल जेबाक रहत ओ दू घंटा पूर्व केंद्र कए वायु सेवा उपलब्ध करबा लेल संपर्क करि सकैत छथि।

**एकरा लेल मोबाइल नंबर 9431207211 पर कोई बुकिंग करा सकैत अछि। एकर बाद जहाज दरभंगा हवाई अड्डा पर हाजिर भ जाएत।**

सेवा उपभोग करबाक एवज मे परिजन कए 40 हजार टका शुल्क लागत। इ वायु सेवा हरेक दिन सूर्योदय क बाद आ सांझ क चारि बजे क भीतर देल जाएत। अस्पताल एहि लेल स्पिरिट एयर प्रा.लि. स चारि सीट वाला जहाज दू साल लेल अनुबंध पर लेलक अछि।

दोसर दिस बंगलूरू क कंपनी स्पिरिट एयर प्राइवेट लि. जनवरी स दोबारा दरभंगा क वायु अड्डा स व्यावसायिक उड़ान भरत। एकरा लेल कंपनी दस सीट वाला जहाज उपलब्ध करा रहल अछि। कंपनी क प्रतिनिधि नवीन कुमार अनुसार प्लेन भाड़ा पर लेल गेल अछि। पटना मे हैंगर नहि भेटबा स इ सेवा नहि शुरू भ सकल छल। शुरूआती दौर मे उड़ान केवल पटना क लेल होएत। ज्ञात हुए जे उक्त कंपनी क चारि सीट वाला जहाज दरभंगा स उड़ान भरने छल, मुदा एयर वेस स विमान कए फिसलबाक बाद एहि सेवा कए बंद करि देल गेल छल। एक बेर फेर कंपनी दरभंगा स अपन सेवा शुरू करि रहल अछि।

# बिहारक अनहार दूर करबा लेल कवायद भेल तेज

**समदिया**

**पटना।** बिजली क भारी किल्लत स जूझि रहल बिहार कए जल्द राहत भेटत। एनटीपीसी स जुड़ल सूत्र क समाद अछि जे कंपनी बिहार मे नव बिजली घर कए स्थापित करबा लेल तैयार अछि। एकरा लेल कंपनी राज्य सरकार क संग गप सेहो केलक अछि। सूत्रक मानी त पहिने स चलि रहल परियोजना पर सेहो काज तेजी स आगू बढेबाक दावा कैल जा रहल अछि। कंपनी क उच्च पदस्थ सूत्र समाद अछि जे एनटीपीसी आब बिहार मे नव बिजलीघर क निर्माण क लेल इच्छुक अछि। बिहार क भगौलिक स्थिति काफी नीक रहल अछि। एकर पड़ोस मे कोयला क भंडार झारखंड अछि। एहि कारण स एहि ठाम कोयला अनबा मे आसानी अछि। संगहि बीतल किछु साल में बिहार मे सड़क क निर्माण सेहो काफी तेजी स भेल अछि। एहि स एहि ठाम आब परिवहन सेहो आसान भ गेल अछि। राज्यक माहौल सेहो बदलल अछि एहि लेल कंपनी एहि ठाम पैघ पैमाना पर निवेश करए चाहैत अछि। कंपनी किछु प्रस्ताव पर राज्य सरकार स गप सेहो केलक अछि, मुदा एखन को शुरुआती स्तर पर अछि। सूत्र क कहब अछि जे एहि बाबत एनटीपीसी क सीएमडी अरूप कुमार चौधरी आ राज्य सरकार क मुख्य सचिव अनूप मुखर्जी क बीच लंबा गप भेल अछि। चौधरी बीतल माह क 22 तारीख कए बिहार मे एनटीपीसी क संयंत्र क दौरा करबा लेल आयल छलाह। अपन दौराक दौरान ओ साफ तौर पर कहने छलाह– हम जानैत छी जे बिहार मे बिजली क काफी किल्लत अछि। एहि लेल हम एहि ठाम नव संयंत्र क निर्माण पर सेहो विचार करि रहल छी। नबीनगर मे हम एखन दूटा परियोजना पर काज करि रहल छी। एहि मे स एकटा क निर्माण बिहार सरकार क संग मिलकए चलि रहल अछि, जखकि दोसर पर हम रेलवे क संग मिलकए काज कए रहल छी। ओ कहला जे बाढ थर्मल सेहो 2012 तक चालू भ जाएत। कांटी आ बरौनीक काज तेजी स भ रहल अछि। दू सालक क भीतर बिहार मे चलि रहल परियोजना स बिजलीक उत्पादक शुरू भ जेबाक चाही, जाहि स बहुत हद तक बिहार स अनहार दूर भ जाएत।



# चरिटा सड़क क मामला बाट पर, बनत फोर लेन रोड

**समदिया**

**पटना।** पटना आ दिल्ली क बीच औपचारिकता आ शर्त क कारण अटकल नेशनल हाईवे डेवलपमेंट प्रोजेक्ट (एनएचडीपी) फेज–3 क चारिटा योजना क मामला आब बाट पर आबि गेल अछि। एहि परियोजना मे सबस नव मामला पटना–बख्तियारपुर क बीच चारि लेन सड़क निर्माण क अछि। एहि बहुप्रतीक्षित परियोजना क लेल नेशनल हाईवे अथारिटी ऑफ इंडिया (एनएचएआई) निविदा कए अंतिम रूप द देलक अछि। लगभग 38 किमी क नव एलायनमेंट पर बनइवाला एहि सड़क क लेल निर्माण कंपनी क नाम तय करि देल गेल अछि। जानकारी क अनुसार बिल्ट आपरेट एंड ट्रांसफर (बीओटी) सिस्टम क आधार पर बनेवाला एहि फोर लेन सड़क क निर्माण क जिम्मा सीएंडसी कए देल गेल अछि। एकरा लेल एखनधरि दू बेर टेंडर भ चुकल छल। जेना कि इसमाद अहां कए पहिने बता चुकल अछि जे पटना मे अनिसाबाद स बख्तियारपुर तक बनेवाला एहि फोर लेन सड़क क पैघ हिस्सा नव एलायनमेंट क तहत बनत। लगभग 50 किमी क एहि सड़क मे 38 किमी हिस्सा नव एलायनमेंट क तहत बनत।



एलायनमेंट कए मंजूरी भेट चुकल अछि। सबलपुर स इ सड़क वर्तमान सड़क स दक्षिण भ जाइत। एकरा लेल पैघ स्तर पर जमीन अधिग्रहण क जरूरत अछि। केंद्रीय कैबिनेट एहि सड़क क निर्माण मे खर्च होइवाला राशि कए मंजूरी प्रदान करि देलक अछि। अगिला ढाई साल क अंदर एहि सड़क क निर्माण कार्य कए पूरा करबाक लक्ष्य निर्धारित केल गेल अछि। सिंगापुर क एकटा कंपनी एहि सड़क क लेल नव एलायनमेंट कए लेल सर्वे क काज केने छल। एहि सड़क क इस्तेमाल पटना क बाइपास क रूप मे होइत अछि। योजना मे देरी कए देखैत एहि साल ओना राज्यक पथ निर्माण विभाग अपन राशि स अनिसाबाद स लकए दीदारगंज तक एहि सड़क कए फोर लेन मे तब्दील करबाक काज शुरू करि देने छल मुदा एनएचआई क हस्तक्षेप बाद बीच मे काज बंद भ गेल छल। आब फेर स एहि सड़क क फोर लेनिंग क काज आरंभ होएत। अनिसाबाद स दीदारग. ंज तक एहि सड़क क फोरलेनिंग मे जमीन अधिग्रहण क आवश्यकता नहि अछि। हाजीपुर–मुजफ्फरपुर सड़क क फोरलेनिंग सेहो एनएचडीपी फेज–3 क हिस्सा अछि। कई बेर निविदा आओर निर्णय मे नीतिगत बदलाव क बाद एहि सड़क क निर्माण क जिम्मा पिछला साल भारतक विवादित कंपनी गैमन इंडिया कए देल गेल छल। एहन संभावना अछि जे नव वित्तीय वर्ष क आरंभ भेला स पहिने एहि स्ट्रेच मे फोर लेनिंग क काज आरंभ भ जाए। हाजीपुर–छपरा फोरलेनिंग क लेल सेहो निविदा कए अंतिम रूप द देल गेल अछि। मुंगेर आओर जमालपुर सड़क क लेल सेहो निविदा क काज पूरा भ गेल अछि।

अंक- 55, साल–3, इसमाद प्रकाशन क लेल esamaad.com स इंटरनेट संस्करण प्रकाशित। प्रबंधक : छवि झा, संपादक : कुमुद सिंह*, समाचार संपादक : पुतुल सिंह। (*खबरक चयन लेल जिम्मेदार)। फोन : 011–22484593, 09250281098, ई–मेल : **esamaad@gmail.com**